

Kit Tès COVID-19 pou al Lakay

Fè tès la pou ede pwoteje tout abitan New York yo! NYC Health + Hospitals ap ba w yon kit Tès COVID-19 Lakay pou fwaye kay ou.

Nenpòt kiyès ki gen tès COVID-19 li ki pozitif oswa ki te an kontak ak yon moun ki gen COVID-19 sipoze kontinye mete tèt li apa jiskaske Monitè li a di l ke li bon, li pa bezwen kontinye izole tèt li. Si ou te fè tès COVID-19 la deja, pataje kit Tès COVID-19 pou Lakay sa a ak fanmi epi zanmi w.

Kit Tès COVID-19 pou Lakay la gen ladan l:

- Yon aplikatè pou nen
- Yon tib an plastik ke yo rele “Tib Melanj Estabilizè” (Stabilizing Solution tube)
- Yon kat ki gen enstriksyon ak yon Kòd Kado ak yon Kòd Aktivasyon
- Yon sachè an plastik ke yo rele tou “Sachè pou espesimèn” (Specimen bag)
- Yon bwat lapòs
- Yon estikè otokolan
- Yon sachè chipping FedEx



Tanpri li enstriksyon nan bwat la pou w ka itilize kit la, voye echantiyon ou an ale pou w ka jwenn rezilta w yo.

Rapèl pou Chipping:

Raple w pou w voye echantiyon ou an **menm jou** ou anrejistre kit ou an apre w fin pase tès la. **Pa voye tès ou an apre dènye ranmasaj ki pwograme pou sa a oswa pandan wikenn. Nou ankouraje w tou pou w pa voye echantiyon w lan le vandredi.**

Ou ka fè yon moun ou depoze kit la pou ou, oswa pran yon randevou pou yo pase pran l lakay ou pou ou.

Pase Depoze l: Tanpri verifye orè yo nan [fedex.com/dropbox](https://www.fedex.com/dropbox) pou w ka wè kilè dènye ranmasaj Federal Express la ap pase pandan jounen an. Ou ka voye tès ou an nan nenpòt ki kote ki gen bwat postal FedEx Express. Nou vrèman rekòmande w itilize yon kote ki se yon Sant Chipping FedEx.

Pase Pran l Lakay Ou: Pou w pran yon randevou pou yo pase pran l lakay ou rele **1-800-463-3339 (1-800-Go FedEx)**. Di ‘Schedule a Pickup’ (Pran yon randevou pou yo pase pran l) oswa peze ‘1’. Lè yo mande w pou yon nimewo kont, bay nimewo Return Tracking lan ki nan sachè chipping FedEx ou a.

[Gade enstriksyon yo sou do >](#)



Please scan for English

Ju lutemi skanoni pèr shqip

يُرجى تصوير الرمز للغة العربية

অনুগ্রহ করে বাংলার জন্য স্ক্যান করুন

Veillez scanner pour la version en français

Tanpri eskane pou Kreyòl Ayisyen

कृपया हिंदी के लिए स्कैन करें

한국어로 스캔해 주십시오

Proszę sprawdzić wersję polską

Пожалуйста, сканируйте для русского языка

请扫描以获取简体中文版本

Escanee para español

請掃描以取得繁體中文版本


براہ مہربانی اردو کے لیے سکین کریں

NYC
HEALTH+
HOSPITALS

Test & Trace
Corps

Enstriksyon:

- Li enstriksyon ki nan ti kat esplikasyon ki plase anndan kit ou an.
- Anvan w kòmanse, anrejistre kit ou a sou entènèt nan picturegenetics.com/covid19/group. Klike nan '**I have a kit already**' (**mwen deja gen yon kit**).
- Rantre **kòd kado** ki anndan kit ou an epi **kòd aktivasyon w lan** ke w ap jwenn devan kouvèti enstriksyon ou an, mete yo epi klike sou '**Confirm Registration**' (**konfime anrejistremant an**).
- Si yo mande w sa, seleksyone ke ou resevwa kit sa nan men NYC Care Package.
- Lave men w avan ak apre w fin fè tès la.
- Pa netwaye nen w anvan w fè tès la. Ou ka mouche nen w ak yon twal ki pa gen sant pafen.
- Ouvri **tib an plastik lan** epi mete l nan yon sifas ki plat pou resevwa echantiyon ou an.
- Ansuit, ouvri **aplikatè pou nen an**. pa kite li touche anyen ni anvan ni apre l sot nan tou nen w yo.
- Pouse **aplikatè pou nen an** tou dousman nan anviwon yon pous nan tou nen w jiskaske li touche anlè tèt tou nen w. Fwote aplikatè a pandan 4 fwa. Ou pa sipoze santi l fè w mal. Retire aplikatè a tou dousman.
- Repete etap sa yo nan lòt trou nen an ak menm aplikatè a.
- Mete **aplikatè pou nen an** nan **tib an plastik la**, bout ou te pase nan tou nen w lan sipoze antre anvan.
- Koubi **aplikatè pou nen an** kote ki gen ti pwen ti pwen yo; li sipoze koupe an de fasil.
- Asire w ke **aplikatè pou nen an** nan mitan tib la. Epi, byen fèmèn **tib an plastik la** epi verifeye si l pa p koule. Fè atansyon pou w pa fèmèn l twò di.
- Mete **tib an plastik la** ak **aplikatè pou nen an** anndan **sachè plastik la**.
- Mete sachè an plastik la nan **bwat lapòs la** epi fèmèn (sele l) ak **estikè otokolan an**.
- Mete **bwat lapòs la** nan **sachè chipping FedEx la**. Suiv enstriksyon pou chipping ki nan kit ou a.
- Kenbe **kat enstriksyon an** pou dosye pa w.



Rapèl:

- Voye tès la menm jou ou anrejistre kit ou an ak menm jou ou fè tès la. Ou sipoze voye tès la anvan 24è. Pa voye l apre dènye ranmasaj jou ou an oswa pandan wikenn. Nou ankouraje w tou pou w pa voye echantiyon w lan le vandredi.
- W ap jwenn rezilta w la nan espas 48è apre laboratwa a fin resevwa echantiyon w lan. Rezilta yo ap disponib atravè pòtay kont Picture ou an.

Ou sipoze verifeye kont Pictures Genetics ou a atravè imel:

Verifeye bwat mesaj ou pou si w pa jwenn yon imel verifikasyon nan men [donotreply@picturegenetics.com].

Ou ka jwenn enstriksyon sa yo ak yon videyo demonstrasyon nan picturegenetics.com/nasalswab

Pou w jwenn èd ou ka kontakte Picture Genetics pa:

Email: hello@picturegenetics.com

Tchat ak yon moun: atravè PictureGenetics.com

Nimewo telefòn: **626-434-3596**, Lendi pou vandredi, 12è p.m. a 7è p.m.

Lè sou Kòt Lès Etazini

Mèsi dèske w ede n kenbe Vil Nouyòk an sante! Pran swen tèt ou.